**Qaraqalpaqstan Respublikası Statistika basqarması**

*Járiyalanıw sánesi: 25.04.2025 j.*

**PRESS-RELIZ**
*Qaraqalpaqstan Respublikasında awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı*

# Qaraqalpaqston Respublikasında awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı

*2025-jıl yanvar-mart ayları ushın*


I. Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı ónim (xızmet)leri kólemi
II. Qaraqalpaqstan Respublikası awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı ónim (xızmet)leri kólemi aymaqlar kesiminde
III. Awıl xojalıǵı ónimlerin jetistiriw
IV. Sharwa malları hám quslar bas sanı
V. Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı boyınsha metodikalıq túsinikler hám metamaǵlıwmatlar


## I. Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı ónim (xizmat)leri kólemi

Dáslepki maǵlıwmatlarǵa bola, 2025-jıldıń yanvar-mart aylarında awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı ónim (xızmet)leriniń ulıwma kólemi 1 740,3 mlrd. somdı, sonıń ishinde, diyqanshılıq hám sharwashılıq, ańshılıq hám usı tarawlarda kórsetilgen xızmetler - 1 571,9 mlrd. somdı, toǵay xojalıǵı - 149,1 mlrd. somdı, balıqshılıq xojalıǵı - 19,3 mlrd. somdı quradı.

**Qaraqalpaqston Respublikasında awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı ónim (xızmet)leri kóleminiń ósiw páti**




## II. Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı ónim (xızmet)leri kólemi aymaqlar kesiminde

2025-jıldıń yanvar-mart aylarında aymaqlar kesiminde awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı ónimleriniń (xızmetleriniń) eń joqarı kólemi Ámiwdárya (282,6 mlrd. som), Beruniy (200,8 mlrd som), Shımbay (194,1 mlrd som), Ellikqala (180,5 mlrd som), Tórtkúl (156,2 mlrd som) hám Xojeli (97,1 mlrd som) rayonlarında dizimge alındı.

Kerisinshe, az kólemge iye aymaqlarǵa Nókis qalası (19,2 mlrd som), Moynaq rayonı (20,3 mlrd som) hám Bozataw rayonın (53,7 mlrd som) keltirip ótiw múmkin.

| | Kólemi mlrd som | Ósim páti % te |
|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **1 740,3** | **103,9** |
| Nókis q. | 19,2 | 101,1 |
| Ámiwdárya | 282,6 | 105,1 |
| Beruniy | 200,8 | 100,7 |
| Bozataw | 53,7 | 104,5 |
| Qaraózek | 60,5 | 103,8 |
| Kegeyli | 67,9 | 100,3 |
| Qońırat | 87,3 | 102,7 |
| Qanlıkól | 60,7 | 109,7 |
| Moynaq | 20,3 | 91,8 |
| Nókis | 59,4 | 102,6 |
| Taqıyatas | 68,7 | 104,4 |
| Taxtakópir | 54,6 | 102,5 |
| Tórtkúl | 156,2 | 116,9 |
| Xojeli | 97,1 | 101,5 |
| Shımbay | 194,1 | 102,1 |
| Shomanay | 76,7 | 106,4 |
| Ellikqala | 180,5 | 100,1 |

Aymaqlar kesiminde awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı ónim (xızmet)leriniń ósiw pátleri ótken jıldıń sáykes dáwiri menen analiz qılınıp salıstırılǵanda, joqarı ósiw pátleri Tórtkúl (116,9 %), Qanlıkól (109,7 %), Shomanay (106,4 %), Ámiwdárya (105,1 %) hám Bozataw (104,5 %) rayonlarında gúzetildi.

Basqa aymaqlarǵa salıstırǵanda Moynaq (91,8 %), Ellikqala (100,1 %), Kegeyli (100,3 %), Beruniy (100,7 %) rayonlarında hám Nókis (101,1 %) qalasında kerisinshe ósim pátleri tómenligi gúzetildi.

## III. Awıl xojalıǵı ónimlerin jetistiriw

2025-jıldıń yanvar-mart aylarında jetistirilgen awıl xojalıǵı ónimleri kólemi 1 534,0 mlrd somdı yaki 2024- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 103,8 % ti, sonnan, diyqanshılıq ónimleri 119,9 mlrd somdı (104,8 %), sharwashılıq ónimleri 1 414,1 mlrd somdı (103,7 %) quradı.

Aymaqlar kesiminde awıl xojalıǵı ónimleriniń eń joqarı kólemi Ámiwdárya (238,1 mlrd som), Beruniy (192,4 mlrd som), Ellikqala (172,4 mlrd som) hám Tórtkúl (148,8 mlrd som) rayonlarında gúzetildi.

Kerisinshe kem kólemge iye aymaqlarǵa Nókis qalası (11,2 mlrd som), Moynaq rayonı (17,6 mlrd som) hám Bozataw rayonın (48,6 mlrd som) keltirip ótiw múmkin.

Joqarı ósim pátleri Tórtkúl (116,9 %), Qanlıkól (107,3 %), Shomanay (105,5 %) hám Bozataw (104,8 %) rayonlarında gúzetildi. Moynaq (93,1 %) rayonı, Nókis (100,2 %) qalası hám Ellikqala (100,6 %) rayonında bolsa kerisinshe ósim pátleri tómenligi gúzetildi.

### Jetistirilgen awıl xojalıǵı ónimleriniń xojalıq túrleri boyınsha bólistiriliwi




Xojalıq túrleri boyınsha analizlerler, awıl xojalıǵı ónimleri ulıwma kóleminiń 83,4 % i diyqan hám qıytaq jer xojalıqlarına, 14,0 % i fermer xojalıqlarına, 2,6 % i awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalarǵa tuwrı keliwin kórsetpekte.

### Sharwashılıq ónimlerin jetistiriw

Aymaqlar kesiminde sharwashılıq ónimleriniń eń joqarı kólemi Ámiwdárya (206,9 mlrd som), Beruniy (175,9 mlrd som), Ellikqala (160,7 mlrd som), Tórtkúl (137,7 mlrd som) hám Shımbay (103,6 mlrd som) rayonlarında gúzetildi.

Kerisinshe kem kólemge iye aymaqlarǵa Nókis qalası (11,1 mlrd som), Moynaq rayonı (17,3 mlrd som) hám Qanlıkól rayonın (46,3 mlrd som) keltirip ótiw múmkin.

Joqarı ósim pátleri Tórtkúl (118,3 %), Qanlıkól (108,4 %), Shomanay (105,5 %), Bozataw (104,7 %) rayonlarında gúzetildi. Moynaq (92,8 %), Beruniy (100,3 %), Kegeyli (100,6 %) hám Ellikqala (100,8 %) rayonlarında bolsa kerisinshe ósim pátleri tómenligi gúzetildi.

2025-jıldıń yanvar-mart aylarında barlıq túrdegi xojalıqlar tárepinen tiri salmaqta 17,3 mıń tonna gósh, 59,8 mıń tonna sút, 82,5 mln dana máyek, 21,9 mıń dana qarakól teri jetistirildi hám 0,9 mıń tonna balıq awlandı.

Esabat dáwirinde tiri salmaqta jetistirilgen gósh kólemi ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 102,4 % i, sawıp alınǵan sút – 107,1 % i, alınǵan máyek – 100,3 % i, alınǵan qarakól teri – 103,1 % i hámde awlanǵan balıqlar – 100,9 % i quradı.

2025-jıl yanvar-mart aylarında jetistirilgen sharwashılıq ónimleri haqqındaǵı maǵlıwmatlardı xojalıq túrleri boyınsha analizlegende, jetistirilgen góshtiń ulıwma kóleminen 4,3 % i fermer xojalıqlarına, 93,4 % i diyqan hám qıytaq jer xojalıqlarına, 2,3 % i awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalarǵa tuwrı keliwin atap ótiw lazım.

Soǵan sáykes túrde sawıp alınǵan súttiń 14,8 % i fermer xojaliqlarına, 83,5 % i diyqan hám qıytaq jer xojalıqlarına, 1,7 % i awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalarǵa tuwrı keldi.

## 2025- jıl yanvar-mart aylarında jetistirilgen tiykarǵı túrdegi sharwashılıq ónimleri hám awlanǵan balıqlar

| | Yanvar-mart 2025j. | Ósim páti % te |
|---|---|---|
| **Gósh** *(tirik salmaqta)*, **mıń tonna** | **17,3** | **102,4** |
| sonnan: | | |
| fermer xojalıqları | 0,7 | 111,7 |
| diyqan hám qıytaq jer xojalıqları | 16,1 | 101,2 |
| awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 0,4 | 153,6 |
| **Sút, mıń tonna** | **59,8** | **107,1** |
| sonnan: | | |
| fermer xojalıqları | 8,8 | 150,5 |
| diyqan hám qıytaq jer xojalıqları | 49,9 | 102,4 |
| awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 1,0 | 84,5 |
| **Máyek, mln. dana** | **82,5** | **100,3** |
| sonnan: | | |
| fermer xojalıqları | 3,9 | 108,2 |
| diyqan hám qıytaq jer xojalıqları | 67,9 | 92,8 |
| awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 10,7 | 195,2 |
| **Qarakól teri, mıń dana** | **21,9** | **103,1** |
| sonnan: | | |
| fermer xojalıqları | 0,6 | 126,8 |
| diyqan hám qıytaq jer xojalıqları | 21,2 | 102,6 |
| awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 0,1 | 77,5 |
| **Balıq, mıń tonna** | **0,9** | **100,9** |
| sonnan: | | |
| fermer xojalıqları | 0,2 | 83,2 |
| diyqan hám qıytaq jer xojalıqları | 0,3 | 100,7 |
| awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 0,4 | 110,7 |

Sonıń menen birge, alınǵan máyektiń 4,7 % i fermer xojalıqlarına, 82,3 % i diyqan hám qıytaq jer xojalıqlarına, 13,0 % i awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalarǵa tuwrı keldi.

Bunnan basqa, alınǵan qarakól teriniń 2,9 % i fermer xojalıqlarına, 96,7 % i diyqan hám qıytaq jer xojalıqlarına, 0,4 % i awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalarǵa tuwrı keldi.

Óz gezeginde, awlanǵan balıqlardıń 20,0 % i fermer xojalıqlarına, 31,3 % i diyqan hám qıytaq jer xojalıqlarına, 48,7 % i awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalarǵa tuwrı kelgenligin atap ótiw lazım.

## Aymaqlar kesiminde jetistirilgen tiykarǵı túrdegi sharwashılıq ónimleri kólemi

| | ***Gósh*** *(tiri salmaqta), tonna* | ***Sút,*** *tonna* | ***Máyek,*** *mıń dana* |
|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **17 286,0** | **59 759** | **82 532** |
| Nókis q. | 163,9 | 247,8 | 995,1 |
| Ámiwdárya | 2 450,4 | 9 426,1 | 13 662,0 |
| Beruniy | 2 208,3 | 6 955,0 | 10 732,6 |
| Bozataw | 628,7 | 1 878,3 | 1 725,0 |
| Qaraózek | 666,5 | 1 921,9 | 1 881,8 |
| Kegeyli | 788,4 | 2 759,9 | 2 748,1 |
| Qońırat | 918,7 | 2 849,2 | 8 560,9 |
| Qanlıkól | 560,1 | 1 897,8 | 3 543,2 |
| Moynaq | 265,4 | 400,7 | 875,5 |
| Nókis | 563,6 | 2 106,8 | 3 845,1 |
| Taqıyatas | 686,9 | 2 946,4 | 2 482,0 |
| Taxtakópir | 670,5 | 1 620,3 | 1 244,2 |
| Tórtkúl | 1 478,6 | 6 929,6 | 9 363,5 |
| Xojeli | 1 027,6 | 4 312,7 | 3 822,7 |
| Shımbay | 1 261,7 | 4 310,4 | 6 539,9 |
| Shomanay | 733,9 | 3 854,9 | 3 205,9 |
| Ellikqala | 2 212,8 | 5 341,2 | 7 304,5 |

### Diyqanshılıq ónimlerin jetistiriw

Jetistirilgen diyqanshılıq ónimleri kóleminiń aymaqlar kesiminde analizlerine bola atap ótiw kerek, eń joqarı kólemi Ámiwdárya (31,2 mlrd som), Beruniy (16,5 mlrd som), Qanlıkól (12,1 mlrd som), Ellikqala (11,7 mlrd som), Tórtkúl (11,0 mlrd som) hám Shımbay (6,4 mlrd som) rayonlarında gúzetildi.

Joqarı ósim pátleri Taqıyatas (151,0 %), Moynaq (112,1 %) Bozataw (106,9 %), Ámiwdárya (106,4 %) hám Xojeli (105,2 %) rayonlarında gúzetildi. Qanlıkól (103,4 %), Beruniy (102,5 %), Ellikqala (98,3 %) rayonlarında hám Nókis (43,9 %) qalasında bolsa kerisinshe ósim pátleri tómenligi gúzetildi.

## Aymaqlar kesiminde jetistirilgen ovoshlar kólemi

| | tonna | Ósim páti, % te |
|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **336,0** | **121,7** |
| Nókis q. | - | 0,0 |
| Ámiwdárya | 110,1 | 153,8 |
| Beruniy | 45,7 | 72,7 |
| Bozataw | - | - |
| Qaraózek | - | - |
| Kegeyli | - | - |
| Qońırat | - | - |
| Qanlıkól | - | - |
| Moynaq | - | - |
| Nókis | - | - |
| Taqıyatas | 137,2 | 2,9 m. |
| Taxtakópir | - | - |
| Tórtkúl | - | - |
| Xojeli | - | - |
| Shımbay | - | - |
| Shomanay | - | - |
| Ellikqala | 43,0 | 51,1 |

Jetistirilgen ovoshlar ulıwma kóleminiń eń joqarı úlesi Taqıyatas (40,8 %) rayonına tuwrı keldi. Sonıń menen birge, joqarı úles Ámiwdárya (32,8 %) rayonında gúzetildi.

2024-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda joqarı ósim pátleri Taqıyatas (2,9 m.) hám Ámiwdárya (153,8 %) rayonında gúzetildi.

## IV. Sharwa malları hám quslar bas sanı

2025-jıldıń 1-aprel jaǵdayına barlıq túrdegi xojalıqlarda iri shaqlı qaramallar bas sanı 1 238,6 mıń basqa jetti, (2024 jıldıń 1 aprel jaǵdayına salıstırǵanda 2,1 % ke kóp), sıyırlar 357,3 mıń basqa (1,2 % ke kóp), qoy hám eshkiler 1 248,5 mıń basqa (1,4 % ke kóp), quslar 5 265,4 mıń basqa (4,8 % ke kóp) jetti.

## 2025- jıldıń 1-aprel jaǵdayına xojalıq túrleri boyınsha sharwa malları hám quslar bas sanı

| | Mıń bas | Ósim páti |
|---|---|---|
| **Iri shaqlı qaramallar** | **1 238,6** | **102,1** |
| sonnan: | | |
| fermer xojalıqları | 69,1 | 101,7 |
| diyqan hám qıytaq jer xojalıqları | 1 157,5 | 102,3 |
| awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 12,0 | 87,6 |
| **sonnan sıyırlar** | **357,3** | **101,2** |
| sonnan: | | |
| fermer xojalıqları | 28,0 | 106,7 |
| diyqan hám qıytaq jer xojalıqları | 324,5 | 101,1 |
| awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 4,8 | 86,5 |
| **Qoy hám eshkiler** | **1 248,5** | **101,4** |
| sonnan: | | |
| fermer xojalıqları | 170,4 | 103,6 |
| diyqan hám qıytaq jer xojalıqları | 1 048,7 | 101,3 |
| awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 29,4 | 93,9 |
| **Atlar** | **27,9** | **100,5** |
| sonnan: | | |
| fermer xojalıqları | 6,8 | 98,4 |
| diyqan hám qıytaq jer xojalıqları | 20,2 | 101,5 |
| awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 0,9 | 93,5 |
| **Quslar** | **5 265,4** | **104,8** |
| sonnan: | | |
| fermer xojalıqları | 518,7 | 121,0 |
| diyqan hám qıytaq jer xojalıqları | 4 076,7 | 101,2 |
| awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 670,0 | 118,4 |

2025-jıldıń 1-aprel jaǵdayına bola, iri shaqlı qaramallar bas sanı haqqındaǵı maǵlıwmatlardı xojalıq túrleri boyınsha analizlegende, iri shaqlı qaramallardıń 5,6 % i fermer xojalıqlarına, 93,5 % i diyqan hám qıytaq jer xojalıqlarına, 0,9 % i awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalarǵa tuwrı keliwin atap ótiw lazım, soǵan sáykes túrde sıyırlardıń ulıwma sanınan 7,8 % i fermer xojalıqlarına, 90,8 % i diyqan hám qıytaq jer xojalıqlarına, 1,4 % i awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalarǵa tuwrı keldi, sonday-aq, qoy hám eshkilerdiń ulıwma sanınan 13,6 % i fermer xojalıqlarına, 84,0 % i diyqan hám qıytaq jer xojalıqlarına, 2,4 % i awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalarǵa tuwrı keldi, quslar ulıwma sanınan 9,9 % i fermer xojalıqlarına, 77,4 % i diyqan hám qıytaq jer xojalıqlarına, 12,7 % i awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalarǵa tuwrı keldi.

## 2025- jıldıń 1-aprel jaǵdayına aymaqlar kesiminde sharwa malları hám quslar bas sanı

| | **Iri shaqlı qaramallar,** *mıń bas* | **Qoy hám eshkiler,** *mıń bas* | **Quslar,** *mıń bas* |
|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **1 238,6** | **1 248,5** | **5 265,4** |
| Nókis q. | 10,0 | 9,7 | 81,7 |
| Ámiwdárya | 178,9 | 112,3 | 1 130,2 |
| Beruniy | 165,6 | 82,2 | 921,1 |
| Bozataw | 39,5 | 31,5 | 49,6 |
| Qaraózek | 41,5 | 103,4 | 281,3 |
| Kegeyli | 59,1 | 34,9 | 129,8 |
| Qońırat | 78,1 | 107,5 | 313,2 |
| Qanlıkól | 38,2 | 32,0 | 94,9 |
| Moynaq | 30,9 | 33,6 | 70,0 |
| Nókis | 41,9 | 31,7 | 121,1 |
| Taqıyatas | 26,9 | 18,9 | 160,0 |
| Taxtakópir | 49,0 | 157,6 | 255,5 |
| Tórtkúl | 131,6 | 165,0 | 373,9 |
| Xojeli | 61,1 | 31,4 | 199,7 |
| Shımbay | 85,9 | 67,0 | 288,6 |
| Shomanay | 69,0 | 89,7 | 182,4 |
| Ellikqala | 131,4 | 140,1 | 612,4 |

## V. Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı boyınsha metodikalıq túsindirmeler hám metamaǵlıwmatlar

**Awıl, toǵay hám balıqshılıq xolaıǵı ónim(xizmet)leri jalpı islep shıǵarıw kólemi** – tarawda óz tutınıwı hám satıw ushın jaratılǵan ónim hám xızmetlerdiń ulıwma qunı. Awıl, toǵay hám balıqshılıq xolaıǵı ónim(xizmet)leri jalpı islep shıǵarıwı diyqanshılıq hám sharwashılıq ónim(xizmet)leri jalpı islep shıǵarıwı, ańshılıq xojalıǵında, toǵayshılıq hám aǵash tayarlaw, balıq awlaw hám akvakultura tarawında jetistirilgen ónim(xizmet)ler qunı tiykarında qáliplestiriledi.

**Awıl xojalıǵı ónimleri** – esabat dáwirinde fermer xojalıqlarında, diyqan hám qıytaq jer xojalıqlarında hámde awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalarda jetistirilgen diyqanshılıq hám sharwashılıq ónimleriniń jámi qunın belgilep, awıl xojalıǵında ónim jetistiriwdiń ulıwma kólemin ańlatadı.

**Fermer xojalıǵı** – ijaraǵa berilgen jer uchastkalarınan paydalanǵan halda awıl xojalıǵı ónimlerin jetistiriw hámde nızamshılıqta qadaǵan etilmegen basqa xızmet túrleri menen shuǵıllanıwshı isbilermenlik subekti.

**Diyqan xojalıǵı** – miyras etip qaldırılǵan ómirbaxıy iyelik etiw yaki ijara huqıqı tiykarında diyqan xojalıǵı baslıǵına berilgen jer uchastkasında awıl xojalıǵı ónimlerin jetistiriwdi hám realizaciya etiwdi diyqan xojalıǵı aǵzalarınıń miyneti tiykarında ámelge asırıwshı xojalıq.

**Qiytaq jer xojalıǵı** – jeke qıytaq jer uchastkalarında awıl xojalıǵı ónimlerin hám erkin sawda ushın, hám shańaraq mútájlikleri ushın jetistiriw (qayta islew) menen baylanıslı miynet iskerligi.

**Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar** – awıl xojalıǵı ónimlerin jetistiriwshi, awıl xojalıǵı islep shıǵarıwına xizmet kórsetiwshi, xojalıq júritiw processinde jerge hámde basqa islep shıǵarıw múlklerine iyelik etiwshi yuridikalıq shaxs huqıqına iye xojalıq júrgiziwshi subekt esaplanadı.

**Mallar bas sanı** – xojalıq túrleri boyınsha barlıq jas kategoriyalarındaǵı tiykarǵı túrdegi sharwa malların óz ishine aladı (iri shaqlı qaramallar, sonnan sıyırlar, qoy hám eshkiler, shoshqalar hám t.b.)

**Gosh jetistiriw** – soyıw ushın satılǵan hámde óz xojalıǵında soyılǵan barlıq túrdegi awıl xojalıǵı haywanları hám quslardıń tiri salmaǵın óz ishine aladı.

**Sút jetistiriw** – jas mallarǵa ishkiziw ushın sawıp alınǵan sút hám uwız sútin qosqan halda, haqıyqatta sawıp alınǵan sıyır, eshki, qoy, biye hám túye sútleri menen anıqlanadı. Baspaqlar emgen sút jalpı sawıp alıwǵa kiritilmeydi.

**Máyek jetistiriw** – barlıq túrdegi quslardan alınǵan hámde túye tawıqlar menen hám inkubatorda shóje shıǵarıw ushın paydalanılǵan máyekler muǵdarın óz ishine aladı.

## Metamaǵlıwmat ushın silteme:

https://lib.stat.uz/uz/features/qishloq-xo-jaligi-va-ekologiya/685-qishloq-o-rmon-va-baliqchilik-xo-jaligi-mahsulot-xizmat-lari-yalpi-ishlab-chiqarishini-hisoblash-bo-yicha-uslubiy-nizom-2

| Tayarlaw ushın juwapker: | Orınlawshı: | Manzil: |
| --- | --- | --- |
| Awıl xojalıǵı hám qorshaǵan ortalıq statistikası bólimi | N. Madreymov<br>61 222-76-07 (9610) | 230103, Nókis, A. Dosnazarov kóshesi, 97 a-úy<br>**Pochta**: info@qrstat. uz |